

Akomodasyon 504: Gid pou elèv ak fanmi

Lwa 1973 sou Reyabilitasyon Seksyon 504 la mande lekòl leta yo pou ofri sèvis ak akomodasyon pou elèv ki gen andikap ki elijib. Akomodasyon sa yo ede elèv ki gen bezwen sante espesyal yo pou patisipe nan pwogram ak aktivite Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) egalego avèk elèv parèy yo ki pa gen andikap. Gid sa a eksplike ki moun ki kalifye pou akomodasyon sa yo, fason pou yo aplike, ak fason yo devlope plan akomodasyon yo.

Pwogram oswa aktivite DOE vle di sa DOE patwone, tankou pwogram oswa aktivite aprelekòl PA/PTA patwone oswa aktivite anplis ki pa nan kourikoulòm lan ki fèt nan yon bilding DOE.

Aprann plis enfòmasyon konsènan Seksyon 504 sou [paj sitwèb akomodasyon 504](#) DOE a oswa kontakte kowòdonatè plan 504 lekòl ou a.

Ki elèv ki kalifye pou akomodasyon 504?

Elèv yo kalifye si:

1. Yo genyen yon andikap fizik oswa mantal, epi
2. Andikap la limite konsiderabman omwen yon gwo pati nan aktivite lavi yo.

1. Andikap fizik oswa mantal

Kèk egzanp andikap fizik oswa mantal se andikap fizik, kondisyon sante, maladi mantal, ak pwobèm aprantisaj.

Kisa yo di sou andikap pou yon ti tan oswa pa epizòd?

- Andikap pou yon ti tan (tankou janm kase) ka kalifye yon elèv pou akomodasyon 504. Akomodasyon sa yo varye dapre kantite tan andikap la dire ak kòman li limite.
- Andikap kwonik (tankou opresyon) ka kalifye yon elèv pou akomodasyon 504. Elèv yo kalifye si andikap la limite pratikman yon gwo pati nan aktivite lavi yo lè li manifeste.

2. Yon gwo pati nan aktivite lavi

- | | | |
|---------------------------|------------|----------------------|
| • Pran swen pèsònèl | • Manje | • Konsantre |
| • Mache | • Dòmni | • Panse |
| • Wè/Gade | • Kanpe | • Kominike |
| • Tande | • Leve pwa | • Aprann |
| • Pale | • Bese | • Travay |
| • Respire | • Lekti | • Fè travay avèk men |
| • Fonksyon prensipal kò a | | |

Aktivite prensipal lavi ki limite konsiderabman an pa oblije “aprantisaj” pou yon elèv elijib pou akomodasyon 504.

Èske pitit ou an gen yon andikap ki limite li konsiderabman nan fè nenpòt nan aktivite ki site pi wo a? Si wi, pitit ou a ka kalifye pou akomodasyon anba Seksyon 504. Dèke yo fin voye fòm kòrèk yo nan lekòl la, yo ap revize ka chak elèv endividyèlman.

Ki akomodasyon ki disponib pou elèv ki elijib dapre Seksyon 504 ak kòman pou m mande yo ?

Pitit ou a ka elijib pou akomodasyon. Yo ka jwenn tout fòm sa yo nan [Sèvis sante](#) DOE oswa paj wèb Akomodasyon 504 . Ou ka mande kowòdonatè 504 lekòl ou a tou pou fòm yo.

Pou mande yon akomodasyon 504 ak yon plan 504, voye **fòm demand 504** sa yo ba kowòdonatè 504 lekòl ou a:

- Fòm paran pou demand Sèvis sante/akomodasyon Seksyon 504 ki gen otorizasyon HIPAA ladan (se paran elèv la ki ranpli li); ak
- Fòm demand pou Akomodasyon medikal (founisè swen sante elèv la ranpli)

Akomodasyon Edikasyon ak lòt akomodasyon se pou elèv ki bezwen akomodasyon nan bilding, salklas oswa akomodasyon pou egzamen. Paegzanp, elèv ki gen pwoblèm pou tande ka bezwen pou yo chita pre pwofesè a oswa pre tablo a, oswa yon elèv ka bezwen pran poz oswa lè anplis pou pran egzamen yo.

Egzanp lòt akomodasyon gen ladan aparèy sipò, mèb espesyal, adaptasyon bilding, ak itilizasyon asansè. Paran yo ta dwe kontakte Biwo enskripsyon elèv DOE a oswa Direktè Plasman pou Distri 75 lan si yo gen kesyon konsènan [Aksè nan bilding](#).

Yo ka mete **Parapwofesyonèl** pou elèv ki bezwen sipò pou travay akoz andikap pou yo jwenn aksè nan pwogram ak aktivite DOE. Paegzanp: yon elèv ki gen dyabèt ki pa ka kontwole nivo glikoz nan san li poukont li oswa yon elèv ki ka bezwen asistans pou ale nan twalèt akoz yon andikap fizik oswa fizyolojik.

Akomodasyon pou transpò, tankou pou tan trajè ki limite oswa sipò parapwofesyonèl (pou bay sipèvizyon endividyèl nan otobis lekòl la), ekip 504 la revize yo (pou elèv ki gen pwoblèm medikal alontèm ki afekte kapasite yo pou pran transpò piblik); oswa biwo transpò elèv revize yo (pou elèv ki gen yon pwoblèm medikal tanporè oswa yon deplasman alontèm ki limite). Mande Kowòdonatè 504 ou a pou jwenn plis enfòmasyon.

Sèvis Sante se pou elèv ki bezwen pran medikaman (tankou ensilin pou trete dyabèt oswa ponp opresyon) oswa ki bezwen resevwa yon tretman espesyal nan men enfimiyè nan lekòl la. Pou mande sèvis sante, paran an dwe voye fòm ranpli sa yo ke founisè swen sante elèv la ranpli bay enfimiyè lekòl la/founisè swen sante nan bilding lekòl elèv la:

- Fòm pou bay medikaman (Medication Administration Form, MAF); ak/oswa
- Fòm pou tretman medikal yo preskri (ki pa medikaman).

Si yon Plan 504 obligatwa, paran an dwe voye **fòm demand 504** yo ba kowòdonatè 504 la.

Kisa k ap pase apre mwen mande akomodasyon?

Apre paran an voye fòm demand 504 ki ranpli yo tounen ba kowòdonatè 504 la, ak fòm pou medikaman/tretman medikal pou sèvis sante yo ba enfimiyè lekòl/pwofesyonèl medikal ki nan bilding lekòl la: kowòdonatè 504 la pral kontakte w nan entèval 5 jou lekòl apati premye demand ou an pou pran randevou pou yon reyinyon ki pral fèt, sa depann sou sèvis ou mande a, pa pi ta pase 15 oswa 30 jou lekòl apre yo fin resevwa fòm demand 504 ou ranpli yo. Ou pral fè pati Ekip debaz 504 ki nan lekòl la, li reyini pou pale sou demand ou an ak lòt enfòmasyon konsènan pitit ou epi decide si pitit ou a elijib pou akomodasyon yo epi si wi, ki tip akomodasyon accommodations are ki apwopriye.

Dyabèt: Reyinyon pou swen tanporè

Pi vit posib epi pa pi ta pase 5 jou lekòl (sofsi yo bezwen plis tan pou fasilite orè paran an) apre DOE fin resevwa MAF dyabèt la, lekòl la pral fè yon reyinyon avèk administratè yon lekòl, kowòdonatè 504 la, paran, enfimiyè lekòl la ak manm biwo sante lekòl la (Office of School Health) (paegzanp Direktè enfimri Borough a, Sipèvizè enfimri a, manm ekip dyabèt la, founisè swen sante a), pou diskite bezwen elèv la ant lè fòm MAF dyabèt la konplè ak pre pou aplike ak lè yon Plan 504 final deja siyen ak aplike, tankou yon trening estaf sou ipo oswa ipèglisemi, kontwòl nivo glikoz, pran ensilin ak akomodasyon tankou jwenn manje ak dlo pandan jounen lekòl la.

Tanpri sonje, menmsi elèv resevwa akomodasyon enfòmèl pandan evalyasyon nan salklas oswa nan lekòl, dwe genyen yon Plan Dyabèt 504 aktif ki anrejistre pou elèv ka resevwa akomodasyon pandan evalyasyon onivo tout vil la oswa onivo tout eta a (pami yo egzamen Regents, SHSAT, SAT, ACT, AP, ak IB).

Gade [Resous pou paran an: Swen pou dyabèt pou elèv ki nan lekòl leta DOE](https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/staying-healthy/diabetes) ak paj sit wèb Dyabèt (<https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/staying-healthy/diabetes>) pou plis enfòmasyon.

Ki moun ki ale nan reyinyon akomodasyon 504 (“reyinyon Ekip 504”)?

Se oumenm ak moun ki konnen kapasite pitit ou a k ap nan reyinyon Ekip 504 la. Yo konprann enfòmasyon y ap revize yo epi konnen tip akomodasyon k ap satisfè bezwen pitit ou a. Reyinyon ekip 504 la dwe gen ladan tou omwen yon moun nan chak kategori ki pi ba a ki ka:

- **Pale sou kapasite ak konpetans pitit ou a.** (Paegzanp, pwofesè pitit ou a oswa konseye pedagojik la ka ale.)
- **Entèprete rapò oswa evalyasyon yo.** (Paegzanp, Travayè sosyal lekòl la oswa enfimiyè an ka ale.)
- **Pataje enfòmasyon konsènan akomodasyon ki ka satisfè bezwen pitit ou yo.** (Paegzanp, Kowòdonatè 504 la.)

Lè yo mande sèvis sante, enfimiyè lekòl, oswa manm Biwo sante lekòl (tankou Direktè enfimri borough a, Sipèvizè enfimri an, Manm ekip dyabèt, founisè swen sante) dwe se yon manm Ekip 504 la.

Ki enfòmasyon yo gade nan reyinyon an?

Ekip 504 la pral gade enfòmasyon nan diferan sous, tankou egzamen pitit ou, obsèvasyon, echantiyon travay, kanè, ak dosye medikal yo. Sa a pral ede ekip la konprann kapasite pitit ou an, siksè, konpòtman, ak bezwen medikal li. Paran ak estaf lekòl ka bay tout enfòmasyon yo panse ki dekri kapasite ak bezwen timoun lan pi byen

Dyagnostik ak sijesyon doktè pitit ou a fè

Doktè pitit ou an dwe ranpli Fòm Demand pou Akomodasyon medikal la. Doktè an ka konseye lekòl la bay kèk akomodasyon. Ekip 504 la pral detèmine si akomodasyon yo sijere yo apwopriye, epi si wi, kòman pou yo bay yo nan lekòl la.

Kòman yo detèmine elijiblite ?

Ekip 504 la pral konsidere si andikap pitit ou an limite li konsiderabman nan majorite aktivite lavi a. Ekip la pral pran desizyon sa a dapre enfòmasyon yo gade nan reyinyon an epi yo pral konsidere si andikap pitit ou an genyen yon gwo enpak sou pèfòmans oswa patisipasyon pitit ou an nan lekòl la.

Gade glosè ki nan fen gid sa a pou jwenn definisyon ki itil.

Ki diferans ki genyen ant yon Pwogram edikasyon endividyèl ak yon Plan 504?

Yon ekip IEP devlope yon [Pwogram edikasyon endividyèl](#) (IEP) pou yon elèv ki elijib pou youn nan 13 klasifikasyon andikap yo (ki defini dapre Lwa sou Edikasyon Moun Andikape yo ak Lwa Eta New York) epi ki egzije ansèyman espesyalize ak/oswa sèvis ki gen rapò pou satisfè objektif ansèyman yo. Yon Plan akomodasyon seksyon 504 se pou yon elèv ki gen yon andikap ki elijib ki bezwen sipò pou jwenn aksè nan pwogram ak aktivite DOE. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou IEP ak pwosesis edikasyon espesyal la nan <https://www.schools.nyc.gov/learning/special-education/the-iep-process/the-iep>.

Lè yon elèv gen yon IEP, yo souvan bay akomodasyon 504 atravè IEP a. Sepandan, pou elèv ki gen oswa y ap evalye pou yon IEP ki bezwen sèvis sante pou ale lekòl san pwoblèm, anplis IEP a, ekip 504 lekòl la, nan kolaborasyon avèk ekip IEP elèv la, ka devlope yon Plan 504 ki konsistan avèk [Règleman Chanselye A-710](#). Elèv ki gen yon MAF Dyabèt, epi ki bezwen akomodasyon ki gen rapò avèk dyabèt, **dwe** gen yon Plan 504 Dyabèt separe anplis IEP yo.

Èske pitit mwen an ka resevwa sèvis ki ede avèk andikap (Related Services) avèk yon Plan 504 ?

Tipikman nan DOE, elèv ki bezwen Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services) resevwa yo atravè yon IEP men pa nan yon Plan 504. Yo detèmine elijiblite pou Related Services sou yon baz endividyèl. Egzanp sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related services) se terapi fizik, terapi pou langaj ak sèvis konsèy obligatwa. Si pitit ou an sanble bezwen nenpòt nan sèvis sa yo, jeneralman Ekip 504 la pral rekòmande pitit ou an bay ekip IEP ki nan lekòl la oswa bay Komite Edikasyon Espesyal (Committee on Special Education, CSE) distri a.

Èske pitit mwen an bezwen yon plan 504 pou sèvis sante?

Se pa tout elèv ki bezwen sèvis sante nan lekòl la ki bezwen yon plan 504. Si sèvis sante pitit ou a pa afekte kapasite li pou patisipe nan lekòl ak lòt pwogram ak aktivite DOE sou menm pye egalite avèk elèv parèy li ki pa gen andikap, li pa bezwen on Plan 504. Kontakte kowòdonatè 504 la pou li gide w.

- **Egzanp 1:** Yon elèv frape zòtèy pye l epi li ale nan biwo enfimyè a pou tretman pandan jounen an. Yo pa bezwen okenn lòt sipò oswa akomodasyon.
 - **Elèv sa a pa bezwen yon Plan 504.**
- **Egzanp 2:** Pandan jounen lekòl la, yon elèv ki gen dyabèt dwe fè kontwòle nivo sik li pandan jounen an, pran ensilin kèk fwa, ak bezwen itilize twalèt epi gen aksè avèk glucagon ak snack pou jere swen dyabèt lan.
 - **Elèv sa a bezwen yon Plan 504.**

Kòman mwen ka mande sèvis sante?

Sèvis sante se pou elèv ki bezwen pran medikaman (tankou ensilin oswa albitewòl) oswa ki bezwen resevwa yon tretman espesyal nan lekòl la. Yo ka jwenn tout fòm sa yo nan paj [Sèvis sante](#). Ou ka mande kowòdonatè 504 oswa infimyè/ pwofesyonèl medikal lekòl ou a tou pou fòm yo.

Pou mande sèvis sante, paran an dwe voye fòm ranpli sa yo ke founisè swen sante elèv la ranpli bay enfimyè lekòl la/founisè swen sante nan bilding lekòl elèv la:

- Fòm pou bay medikaman (Medication Administration Form, MAF); ak/oswa
- Fòm pou tretman medikal yo preskri (ki pa medikaman).

Kòman yo devlope akomodasyon yo?

Ekip 504 la deside ki tip akomodasyon ki pral satisfè bezwen pitit ou a pi byen. Ekip la konsidere tip kondisyon pitit ou a, ak nivo enpak kondisyon an genyen sou kapasite elèv la pou l fonksyone. Yo pral chwazi akomodasyon ki pral bay pitit ou an yon chans egal pou patisipe nan lekòl la.

Yo bay elèv yo akomodasyon nesèsè yo nan **anviwònman ki gen mwens restriksyon an (Least Restrictive Environment, LRE)** pou fè entèaksyon nan maksimòm posiblite avèk elèv parèy yo ki pa gen andikap. Sa a vle di chak Ekip 504 devlope yon Plan 504 pou chak elèv avèk objektif pou limite tan enstriksyon yo pèdi ak separasyon avèk kamarad klas yo.

- **Pa egzanp:** Yon elèv ki gen dyabèt ki poko ka jere kondisyon sante l poukont li nan lekòl la kapab jwenn yon parapwofesyonèl pou kontwole glikoz san li nan salklas la, oswa kèlkeswa kote elèv la ye pandan jounen lekòl la, tankou nan gym oswa koulwa yo.

Faktè pou konsidere lè y ap detèmine anviwònman ki gen mwens restriksyon (Least Restrictive Environment, LRE) pou akomodasyon chak elèv tankou, paegzanp:

- 1) Sante ak sekirite elèv la (tankou kapasite pou estaf ki gen konesans bay medikaman nan ka ijans san deplase elèv la)
- 2) Bezwen ak preferans elèv la
- 3) Preferans paran an
- 4) Diminye tan li rate pou enstriksyon oswa pou salklas
- 5) Diminye tan li pase lwen kamarad ki pa gen andikap
- 6) Ko-andikap elèv la ki mande akomodasyon

Resous, tankou disponiblite enfimyè lekòl la, se pa yon konsiderasyon ki kòrèk pou detèmine anviwònman ki gen mwens restriksyon (least restrictive environment, LRE) an pou chak elèv. Pou kesyon konsènan adrès kote y ap bay sèvis sante yo, kowòdonatè 504 la, enfimyè lekòl la ak lòt manm ekip 504 la ap fè yon evalyasyon endividyèl pou chak elèv.

Dèke yo fin detèmine pitit mwen an elijib, èske l toujou elijib pou akomodasyon?

Paran an **dwe voye** fòm MAF la ak/oswa fòm tretman medikal yo preskri a chak ane. Nouvo **fòm demand 504** yo obligatwa tou pou mande nouvo sèvis sante oswa sèvis sante ki modifye oswa lòt akomodasyon, men yo ka pa bezwen yo pou kontinye yon akomodasyon ki deja egziste.

Yo dwe revize Plan 504 yo avan chak fen ane lekòl oswa pi souvan si sa nesèsè, epi amande l nan moman evalyasyon an, si nesèsè.

Si andikap pitit ou an kontinye limite seryezman patisipasyon l nan lekòl la, pitit ou a ap rete elijib pou akomodasyon. Ekip 504 la pral rankontre avan ane lekòl la fini, nan limit sa posib, pou kreye yon nouvo Plan pou ane lekòl pwochen an.

[Si yo detèmine andikap pitit ou an pa limite konsiderabman kapasite l ankò pou l fè yon aktivite esansyèl nan lavi l, pitit ou an ap vin pa elijib ankò pou akomodasyon yo \(y ap kanpe Plan 504 la\).](#)

Ki tip anons mwen pral resevwa?

Lekòl yo pral kominike avèk ou sou règleman seksyon 504 DOE yo. Tout lekòl afiche ak pataje Avi pou pa fè diskriminasyon dapre Seksyon 504 la (*Notice of Non-Discrimination Under Section 504*) chak ane ak lè yo mande sa. .

Si Ekip 504 la deside pitit ou an kalifye pou akomodasyon 504 yo, ou pral resevwa:

- **Yon avi sou elijiblite.** Si ou pa dakò avèk detèminasyon pou elijiblite a, pale avèk Direktè sante lekòl ou a. Lekòl la pral bay enfòmasyon sou moun pou kontakte oswa ou ka jwenn li nan Seksyon 504 sitwèb lan. Ou ka mande tou yon odisyon san patipri pou detèmine desizyon Direktè sante a epi ou dwe fè demand sa a alekri nan espas 10 jou apati lè ou resevwa desizyon an.
- **Plan 504.** Si yo detèmine elijiblite pitit ou a pou akomodasyon, Kowòdonatè 504 la ap ranpli Plan 504 avèk kontribisyon Ekip 504 la epi dapre dokiman apwopriye yo. Yo pa ka enpleman okenn Plan 504 san konsantman ekri paran, ke paran bay jeneralman nan reyinyon Ekip 504 kote pou ranpli Plan oswa byen vit apre.
- **Yon avi anyèl pou yon lòt Otorizasyon (Lèt Paran – Lòt Otorizasyon Akomodasyon 504).** Lèt sa a ap fè w konnen diferan etap ou dwe pran pou fè renouvle plan akomodasyon 504 pitit ou an pou pwochen ane lekòl la.

Gade [Regleman Chanselye A-710](#) ak [Akomodasyon seksyon 504](#) paj sitwèb la pou plis enfòmasyon.

Èske mwen gen dwa pou sèvis aksè nan lang pandan pwosesis Seksyon 504 la?

Sou demand, paran lang prefere yo pa youn nan 9 lang ki pa anglè yo pale nan Vil Nouyòk ke DOE idantifye ("lang yo kouvri") gen dwa pou gen yon entèprèt nan reyinyon 504, ak tradiksyon Plan ak avi 504 . Ou ka mande sèvis aksè nan lang lè w pale avèk Kowòdonatè 504 lekòl la.

Paran ki prefere yon lòt lang ki pa lang anglè oswa youn nan lòt lang yo, ka mande sèvis pou gen aksè nan lang tou lè yo pale avèk kowòdonatè 504 lekòl la.

Si w gen kesyon konsènan sèvis aksè nan lang, tanpri suiv pwosesis yo mete nan sitwèb DOE a (nan schools.nyc.gov/connect-with-us). Si pwoblèm ou an pa rezoud onivo lekòl la oswa distri a, ou ka depoze yon plent. Yo eksplike detay sou kòman pou pote yon plent nan sitwèb DOE a (nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/school-environment/get-help/parent-complaints-and-appeals>).

Èske w gen lòt kesyon?

- Kontakte kowòdonatè 504 lekòl ou a oswa [Direktè sante a](#) si w gen nenpòt kesyon oswa si w gen enkyetid pou pitit ou a gen aksè nan yon pwogram ki pa nan kourilòm DOE oswa nan youn ki pa pwogram DOE. Ou ka kontakte direktè pwogram seksyon 504 DOE a nan 504Questions@schools.nyc.gov.
- W ap jwenn plis enfòmasyon konsènan akomodasyon sou pajwèb DOE kiyò site pi wo a.

Glosè

Bagay sa yo se yon rezime definisyon ki esansyèl pou akomode elèv ki gen andikap ki kalifye dapre seksyon 504 ak CR A-710.

Elèv ki elijib: Yon elèv (1) ki gen yon laj kote yo bay elèv ki pa gen andikap sèvis edikasyon primè ak segondè; oswa yon laj kote li obligatwa dapre lwa eta a pou bay elèv ki gen andikap sèvis edikasyon primè ak segondè lè yo ofri elèv ki pa gen andikap sèvis edikasyon primè ak segondè pou elèv ki gen andikap; oswa (2) yon elèv eta a gen obligasyon pou yo bay yon edikasyon piblik apwopriye ki gratis (free appropriate public education, FAPE) dapre lwa edikasyon pou moun ki gen andikap (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA).

Elèv ki gen yon andikap (Student with a Disability, SWD) : Yon moun ki gen (1) yon pwoblèm fizik oswa mantal (2) ki limite konsiderabman omwen yon aktivite prensipal lavi. “Andikap” yo defini l yon fason laj epi yo detèmine l pou chak elèv sou yon baz ka pa ka.

Pwoblèm fizik oswa mantal: nenpòt kondisyon oswa pwoblèm fizyolojik, defòmasyon kosmetik oswa pèt anatomik ki afekte youn oswa plizyè nan sistèm kòporèl sa yo; sistèm nève; sistèm misk ak eskelèt; ògàn sansoryèl espesyal; sistèm respiratwa, tankou ògàn langaj, sistèm kadyovaskilè; sistèm repwodiktif; sistèm dijestif; sistèm jenitoirinè, sistèm sikilatwa ak lenfatik; po; ak andokrin; oswa nenpòt pwoblèm mantal oswa sikolojik.

Aktivite prensipal lavi: paegzanp:

- swen pèsònèl, fè travay avèk men, mache, wè, tandè, pale, respire, aprann, konsantre, reflechi ak travay; ak
- fonksyon prensipal kò (tankou fonksyon sistèm iminitè, devlopman nòminal selil ak fonksyon dijestif, entestin, vesi, fonksyon nève, fonksyon serebral, respiratwa, sikilatwa ak andokrin).

Limit konsiderab: Yo detèmine degre limit sou baz endividyèl epi yo entèprete l san konsidere efè korektif mezi diminisyon yo (tankou medikaman, aparèy pwotèz, aparèy sipò) ki pa linèt òdinè oswa kontak pou je. Yon pwoblèm pa bezwen anpeche oswa limite sevèman yon aktivite prensipal lavi pou yo konsidere ke li limite moun lan konsiderabman.

Pwogram oswa aktivite: Nenpòt pwogram oswa aktivite DOE patwone, ladan pwogram apre lekòl oswa aktivite anplis ki pa nan kourikoulòm nan yon bilding DOE Asosyasyon Paran (PA)/Asosyasyon paran-pwofesè (PTA) oswa DYCD COMPASS oswa SONYC patwone.